

Vizite yon gadmanje

Ki sa yon gadmanje ye?

Yon sant kote moun yo ak fanmi yo ki nan bezwen ka resevwa pwovizyon gratis pou 3 jou. Gadmanje yo se pa ajans gouvènmantral, yo se òganizasyon charite ki gen objektif pou nourir w e pou nourir fanmi w.

Ki jan w ka jwenn yon gadmanje?

Mande vwazen w, oswa òganizasyon k ap sipòte w, pou ede w jwenn yon gadmanje. Epitou, ou ka vizite **FreshTrak.com** pou ba w lis gadmanje ak pwogram manje ki nan zòn postal ou a.

Ak kisa w ka atann ou e kisa w ta dwe pote lè w al vizite yon gadmanje pou premye fwa?

1. Atann ou, w ap jwenn liy moun k ap tann e w ka bezwen tann jiska 30 minit anvan w jwenn moun sèvi w. Eseye vizite pita nan jou a.
2. W ap fè konnen konbyen moun k ap viv nan menm kay ak ou ak laj yo.
3. Pote Prèy ki Idantifye w (nenpòt fòm foto idantite)-lisans, paspò, *tanpri note w ap bezwen sa chak fwa ou pral vizite yon gadmanje.
4. Verifye adrès ou lè w pote yon kontra kay, kontra lokasyon, yon lèt oswa yon fakti sèvis piblik ki gen adrès ou ladan l.
5. Ou dwe respekte kondisyon revni yo nan moman sèvis yo pou resevwa manje a. Se ou menm k ap deklare sa e yo p ap mande w okenn prèy pou sa.
6. Yo pral mande w siyen pou sètifye tout enfòmasyon w pataje yo kòrèk

Ki kalite manje ou pral resevwa ki soti nan gadmanje?

Atik manje yo ka varye nan chak gadmanje. Se yon bon ide pou w vizite gadmanje a anvan pou wè sa ki disponib epi gade ki engredyan ki pral ale ansanm pou fè yon repa.

Nan kèk gadmanje, w ap jwenn otorizasyon pou w rantre ladan yo epi pran sa w bezwen yo poukont ou. Gen lòt k ap jwenn sèvis pandan yo sou volan machin yo kote y ap ka pran kèk bwat manje ki deja prepare. Gen volontè k ap chaje machin ou pou ou.

Kèk konsèy:

- Poze kesyon sou "bagay anplis" *tankou kouchèt ak ti sèvyèt pou bebe, manje bèt kay oswa atik swen pèsònèl.*
- Si w gen zanmi ki ka ede ak tradiksyon, vini avèk yo.
- Si w gen bezwen espesyal anrapò ak rejim manje, tanpri enfòme pèsònèl gadmanje a.
- Poze kesyon sou èd ak lòt sèvis tankou manje oswa asistans medikal.
- Ale nan diferan jou nan semèn nan.
- Se pou w janti ak travayè yo.